

Palm Springs Community Middle School
1560 Kirk Road
Palm Springs, FL 33406

Chè Paran/ Responsab,

Objektif lèt sa a se pou enfòme w pitit ou a pral pran Egzamen Leta Syans ki baze sou òdinatè pou Klas Grade 8 nan dat 14 me 2025. Yo bay chak Egzamen Syans Leta a nan yon sesyon 160 minit, epi elèv yo kapab travay jiska mwatye nan yon jounen lekòl nòmal. Rezulta evalyasyon sa a pral montre kijan elèv ou a metrize estanda kontni syans nivo klas yo, epi lekòl ou a ap bay enfòmasyon sou fason pou jwenn rezulta yo.

Si oumenm oswa pitit ou a ta renmen repase tès pratik ki baze sou òdinatè lakay ou, tès pratik, kle repons yo, ak kèk tès ki pibliye yo disponib nan <https://flfast.org/families.html>.

Tanpri, revize règleman sa yo avèk pitit ou avan egzamen yo:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv yo itilize okenn aparèy elektwonik; sa enkli, men pa limite ak, telefòn pòtab, telefòn entèlijan, linèt entèlijan, ak mont entèlijan nan nenpòt moman nan tès la **oswa** nan moman poz (egzanp, ale nan twalèt), **menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo pap itilize yo**. Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik oswa yo jwenn li ap itilize *Bluetooth*/ kas ekoutè san fil /ekoutè pandan egzamen yo, y ap anile tès li a.
- **Politik Kalkilatris**—Pou Syans Klas 8^{yèm} ane, yo kapab itilize yon kalkilatris ak 4 fonksyon. Yo entèdi izaj kalkilatris pou Syans Klas 5yèm ane.
- **Akò sou Règleman Egzamen yo**—Tout tès yo enkli yon Akò sou Règleman egzamen yo ki di konsa: "Mwen konprann règleman sou egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa respekte règleman sa yo, yo kapab anile nòt egzamen mwen an." Avan egzamen an kòmanse, administratè tès yo ap li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règleman egzamen yo lè yo klike nan ti bwat ki akote deklarasyon nan « *secure browser* » ki endike yo konprann règleman tès yo.
- **Pale sou Kontni Tès la apre Egzamen**—Y ap li pou elèv yo dènye pati règleman egzamen an avan yo klike bwat la pou aksepte Akò sou Règleman Egzamen an ki deklare poutèt kontni nan tout egzamen leta yo sekirize, elèv yo pa kapab diskite oswa revele detay sou kontni tès la (enkli sa ki nan tès la ak pasaj yo) apre egzamen an. Sa enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imèl, oswa poste nan sit medya sosyal yo. Tanpri, fè sèten pitit ou a konprann règleman sa avan egzamen yo epi fè yo sonje "diskite" sou kontni tès la enkli nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks, imèl, poste nan sosyal medya, oswa pataje sou entènèt. **Pandan elèv yo pa kapab pataje enfòmasyon sou kontni egzamen yo ki sekirize, règleman sa a pa fèt pou anpeche elèv pale sou eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay Endepandan**—Elèv yo responsab pou fè travay yo poukонт yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo kenbe elèv yo ap pran poul pandan egzamen an, y ap anile tès yo.
- **Kite Lokal Lekòl la**—Si pitit ou kite lokal lekòl la avan li fini yon sesyon egzamen (egzanp pou dejene, randevou), yo **p ap** otorize l retounen nan sesyon tès sa a. Si pitit ou pa santi l byen pandan jou egzamen an, li kapab pi bon pou li tann epi pran tès la nan yon jou ratrapaj. Tanpri, sonje pou pa pran randevou nan jou ki pwograme pou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Tès**—Si pitit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyle (IEP), yon plan Seksyon 504, oswa li se yon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) oswa li te fèk soti nan ELL, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou akomodasyon pou tès yo pral bay li.
- **Iregilarite nan Tès**—Nan ka genyen yon iregilarite ki rive nan tès la nan sal egazamen pitit ou a, yo kapab poze pitit ou a kesyon pou bay klarifikasiyon sou ensidan an kòm yon pati nan ankèt lekòl la. Anplis, yo kapab oblige pitit ou repran evalyasyon an si yo sispek yon iregilarite yo rapòte ki kapab afekte validite rezulta tès yo.

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan administrasyon tès sa a, ou kapab kontakte lekòl la nan 561-434-3300.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram Evalyasyon Eta Florid yo, tanpri, vizite paj dakèy la nan <https://flfast.org/fsa.html>.

Mèsi poutèt w ap sipòte pitit ou a epi ankouraje l fè tout efò l pandan l ap pran egzamen an.

Sensèman,

Dr. Pamela McDonnough